

ENSTITI/SANT:**ANKETÈ PRENSIPAL:****NIMEWO ETID:****TIT ETID:**

Yo mande w pou patisipe nan yon etid rechèch. Anvan ou aksepte, ou dwe toudabò te resevwa yon rezime etid rechèch la. Rezime sa a dwe gen enfòmasyon kle pou ede w konprann rezon ki fè ou ka vle oswa ou ka pa vle patisipe nan etid la.

Patisipasyon w nan rechèch sa a volontè, epi ou p ap penalize oswa pèdi avantaj si ou refize patisipe oswa ou deside kanpe.

Aprè prezantasyon rezime a, ekip etid la pral ba w lòt detay konsènan etid la ki dwe enkli:

- 1) rezon, pwosedi, ak dire rechèch la;
- 2) tout pwosedi eksperimantal;
- 3) tout risk, enkonfò, ak avantaj ki rezonabman previzib pou rechèch la;
- 4) tout pwosedi oswa tretman altènatif ki potansyèlman benefik; ak
- 5) fason konfidansyalite pral konsève.

Si nesèsè, ekip etid la dwe di w tou konsènan:

- 1) tout konpansasyon oswa tretman medikal ki disponib si gen blese;
- 2) posiblite risk ki previzib;
- 3) sikonstans lè anketè a ka sispann patisipasyon w lan;
- 4) tout frè ki ajoute pou ou;
- 5) sa ki rive si ou deside sispann patisipasyon w;
- 6) lè yo pral rakonte w konsènan nouvo dekouvenèt ki ka afekte volonte w pou patisipe;
- 7) konbyen moun ki pral nan etid la;
- 8) itilizasyon espès biyolojik pou pwofi komèsyal;
- 9) si yo pral di w rezilta rechèch yo;
- 10) si rechèch la ta ka enkli kèk sekans jenom antye; ak
- 11) tout lòt itilizasyon enfòmasyon w yo ak espès biyolojik ou yo nan kesyon rechèch.
- 12) Pou tès klinik: Yon deskripsyon tès klinik sa a pral disponib nan <https://www.clinicaltrials.gov>, jan Lalwa Etazini egzije sa. Sit Wèb sa a p ap enkli enfòmasyon ki ka idantifye w. Oplis, sit Wèb la pral enkli yon rezime rezilta yo. Ou ka monte sou sit Wèb sa a nenpòt lè.

Anplis, yon deskripsyon tès klinik sa a ka disponib sou <https://www.clinicaltrials.gov> konfòm ak politik NIH la.

Si ou aksepte patisipe, ou dwe resevwa yon kopi siyen dokiman sa a ak yon rezime ekri rechèch la.

Ou ka kontakte (*name*) _____ nan (*phone number*) _____ nenpòt lè ou gen kesyon konsènan rechèch la.

Ou ka kontakte (*name*) _____ nan (*phone number*) _____ si ou gen kesyon konsènan dwa w yo kòm yon sijè rechèch oswa sa pou ou fè si ou blese.

Lè ou siyen dokiman sa a sa vle di ke etid rechèch la, ki enkli enfòmasyon ki anwo yo, te dekri pou mwen oralman, epi ou volontèman aksepte pou patisipe.

Siyati Patisipan Rechèch la

Non Patisipan Rechèch la an
Gwo Karaktè

Dat

Siyati Temwen*

Non Temwen an Gwo Karaktè

Dat

***SEKSYON ADMINISTRATIF NIH LA DWE RANPLI KONSÈNAN ITILIZASYON YON ENTÈPRÈT:**

____ Yon entèprèt, oswa lòt moun, ki pale Anglè ak lang prefere patisipan an te fasilite administrasyon an konsènan konsantman eklere epi li te sèvi kòm yon temwen. Anketè ki genyen konsantman an pa ka sèvi kòm temwen tou.

____ Yon entèprèt, oswa lòt moun, ki pale Anglè ak lang prefere patisipan an te fasilite administrasyon an konsènan konsantman eklere men pa te sèvi kòm yon temwen. Non oswa kòd ID moun k ap bay sipò entèpretasyon an se: _____.